

Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN KONVÈSASYON ANVIWÒNMAN ETA
NEW YORK LA POU LI ASIYEN KOMISYON MIKS ENTÈNASYONAL LA POU
MOVE JESYON NIVO DLO A KI TE DEVASTE KOMINOTE YO KI SOU RIVAJ LAK
ONTARIO**

Pwosè a afime poutèt IJC pa t entèvni lè dlo yo te monte nan nivo ki bat rekò sa te fè plis dega nan kay yo ak nan biznis yo

IJC dwe dedomaje New York pou destriksyon move jesyon li an pote sou rivaj Lak Ontario

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ap asiyen Komisyon Miks Entènasyon la (International Joint Commission, IJC) poutèt jan li te mal jere nivo dlo yo nan Lak Ontario ki te lakòz dega katastwofik nan kominote yo ki sou rivaj la. Kòm rezilta dirèk move jesyon IJC a, nivo dlo wo anpil yo te agrave dega yo nan kay yo ak nan biznis yo, te bwote gwo mòso nan rivaj la ale, epi te boulvèse lavi plizyè milye Nouyòkè pandan twa lane ki sot pase yo. Mèt pwopriyete yo soufri ewozyon grav ak pèt vejetasyon, epi Eta a te sibi plis pase 4 milyon dola dega nan pwopriyete li toujou poko fin kapab ranje nèt. Pwosè a afime IJC dwe dedomaje Eta a pou destriksyon ki se rezilta move jesyon nivo dlo a.

"Fè yo senp: Wòl IJC se jere nivo dlo yo nan Lak Ontario, epi li echwe - pwen final. Yo pa reyaji ditou epi yo pa pran ankenn mezi pou amelyore sitiyoasyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou p ap mete sou zepòl nou fado destriksyon ki se rezilta dirèk jan IJC mal jere anpil nivo dlo yo nan Lak Ontario, epi IJC dwe dedomaje New York pou dega grav nan kay yo ak nan biznis yo sou rivaj la. Se poutèt sa n ap fè pwosè sa a."

Pi presizeman, plent la afime kòz aksyon ki annapre yo:

- Neglijans: IJC pa t fè devwa li lè li pa t pran ase mezi pou pwoteje enterè mèt pwopriyete New York yo ki sou rivaj Lak Ontario a.
- Nuizans: Dapre inondasyon grav ki te konsekans move jesyon IJC a, IJC te oswa te dwe sèten anpil konduit li t ap lakòz yon envazyon enterè Eta a nan itilizasyon ak jwisans tè li.
- Antre san otorizasyon: IJC pa t ogmante debi yo soti nan Lak Ontario pou bese nivo dlo yo epi redui inondasyon an, sa ki se yon envazyon pwopriyete.

Nan eseye ekspoze mèt pwopriyete yo lemwens posib, Eta a te plizyè fwa mande IJC lage leplis dlo posib soti nan Baraj Moses Saunders la. Olye pou li pwoteje kominote yo ki sou rivaj la, IJC favorize enterè transpò komèsyal yo. Nan yon lèt ki gen kòm dat 8 Jen pou Prezidan IJC ameriken ak kanadyen yo, Gouvènè a, onon Eta New York, te mande komisyon an pou li pran mezi touswit pou korije pwotokòl jesyon dlo li yo pou pote yon solisyon pou menas la kont sitwayen yo ak biznis yo poutèt inondasyon Lak Ontario a. Gouvènè a te egzije pou IJC ranbouse New York pou depans li yo, epi mete plis fon disponib pou pwojè rezistans ak lòt mezi pwoteksyon ki vin nesèsè akòz aksyon ak omisyon IJC yo. IJC pa okipe ankenn nan egzijans sa yo. Olye de sa, IJC fè yon ti redui debi yo tou piti dènyèman malgre nivo dlo yo rete nan nivo trè wo. Jan sa ekri nan plent DEC a, IJC pa kapab kache dèyè iminite souvren ankò epi kounye a li dwe reponn pou konduit neglijan li ak mank respè egzijans obligatwa yo pou li okipe nivo dlo wo yo. Poutèt IJC pa entèvni n oblije entante pwosè sa a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos te deklare, "Anpil fwa, Gouvènè Cuomo mande IJC pou li mete sekirite ak entegrite kominote yo ki sou rivaj la nan New York devan enterè transpò. E a chak fwa, IJC pa aji. Eta New York ap fè gwo investisman pou amelyore rezistans kay yo ak biznis yo bò Lak Ontario. Kounye a n ap mande IJC pou li aji yon fason responsab, epi pran mezi pou pwoteje kominote nou yo kont dlo wo."

An 2017, Eta New York te reyaji rapidman devan kriz la epi li te pran mezi touswit pou pwoteje kominote yo nan pote resous eta vital pou ede kominote yo ak biznis yo rebati. Eta a te rezève 117 milyon dola pou rebati kominote sou rivaj Lak Ontario an ki te devaste nan inondasyon 2017 yo, sèlman pou yo te sibi yon lòt fwa ankò ane sa a nivo rekò dlo wo nan menm kominote sa yo. Apre evènman sa yo, IJC te dwe rekonèt gwo posibilite pou gen devastasyon pi devan poutèt dlo k ap monte epi li te dwe pran mezi pou diminye kantite dega ki fèt poutèt dlo inondasyon yo.

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Pandan vwazen nou yo bò dlo a ap kontinye sibi inondasyon devastatè ane apre ane, nou pa kapab tann pou nou reyaji ankò—nou dwe aji kounye a pou redui dega pi devan epi pwoteje kit se mèt kay kit se biznis. Erèzman, nou gen yon Gouvènè ki rekonèt sa epi k ap pran mezi pou ranfòse rezistans kominote yo ki bò lak la tankou pa nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou kolaborasyon li ak devouman li nan soutni bezwen kominote nou an".

Senatè Rich Funke te deklare, "IJC pa pwoteje mèt kay yo nan Finger Lakes kont inondasyon devastatè poutèt li kontinye egzekite plan 2014 la ki plen defo. Mwen te mande pwosè kont IJC anvan sa epi mwen fè elòj Gouvènè Cuomo dèske li pran mezi pou finalman fè li sibi konsekans aksyon li yo. Jan bagay yo ye kounye a pa akseptab epi se kounye a pou nou aji".

Senatè Pamela Helming te deklare, "Jodi a nou te voye yon mesaj fò ak klè pou IJC. Ase setase! Yo desevwa kontribyab k ap travay di yo ki gen kay ak biznis sou rivaj la epi yo desevwa New York. Eta a entèvni pou ede kominote lokal nou yo, avèk lajan kontribyab yo, pou ranje yon pwoblèm IJC te kreye. Sa pa anyen anmwens yon dezaz lèzòm kreye epi IJC dwe aboli Plan 2014 la epi dedomaje moun ki gen pwopriyete yo ki donmaje oswa detwi. Se pa yon kesyon Demokrat oswa Repibliken, se yon zafè jistis ak

sekirite piblik. Mwen fyè kanpe avèk rezidan lokal yo, kolèg lejislatif mwen yo ak Gouvènè Cuomo pou fini avèk plan katastwofik sa a".

Senatè Patty Ritchie te deklare, "An 2017 epi ankò ane sa a, mwen tandè yon kantite moun ki rete bò Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence ki gen kay yo ki te sibi gwo dega epi nan kèk ka ki fè lapèn, te konplètman kraze poutèt inondasyon. Te gen de gwo sitiyasyon inondasyon depi aplikasyon Plan 2014 la sa fè sèlman twa lane—epoutan Komisyon Miks Entènasyonal la prèske pa pran ankenn mezi pou wè sa ki kapab fèt pou chanje plan an epi pote èd ki nesèsè pou mèt pwopriyete yo. Mwen remèsye Gouvènè a dèske li kontinye defann enterè moun ki rete sou rivaj nou yo epi dèske li pran mezi nesèsè sa a".

Senatè Joseph Robach te deklare, "Sa fè m plezi wè nenpòt ki mezi ki ta kapab fè IJC remete nivo dlo yo nan Lak Ontario a Plan 1958DD, ki te pi favorab pou moun ki rete sou rivaj sid la, nan distrik mwen an ak toupatou nan Lak Ontario. Se bon jès la non sèlman pou bò dlo lak la, men epitou pou tout kontribyab yo epi li kapab fè ekonomize epi anpeche plizyè santèn milyon dola kou ak dedomajman pi devan. M espere pwosè sa a pral mennen tout moun ki konsène yo yon pi bon kote".

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Plan 2014 te gen yon efè devastatè anpil sou mèt pwopriyete yo bò Lak Ontario. Mwen soutni tout efò pou anile plan an epi m apresye dèske Gouvènè a entante pwosè a onon tout moun ki gen kay yo ak biznis yo ki te sibi konsekans grav dezaz sa a".

Manm Asanble Mark Johns, te deklare, "Jodi a n ap voye yon mesaj klè ki di sa pa nesèsè epi dega ki koute chè pa akseptab ankò".

Manm Asanble Peter Lawrence te deklare. "Anons jodi a mete aksan sou sa kolèg mwen yo nan gouvènman an ak elektè yo ap di depi nan kòmansman, pwoblèm nivo lak ki genyen depi dènyèmman yo gen kareman pou kòz IJC ak Plan 2014 la. Plan sa a te jwenn soutyen IJC, ak tout konesans inondasyon an ta pral ogmante, epoutan yo pa t bay mèt pwopriyete yo ankenn konsiderasyon, ki san mank soufri pèt finansye pandan de lane sou twa depi aplikasyon plan an. M apresye efò Gouvènè Cuomo fè yo, ki kritike kòm sadwa move jesyon IJC a, epi m espere aksyon jodi a ap fè IJC sispann Plan 2014 la. Si anyen pa fèt pou okipe nivo lak la, pwoblèm sa yo pral kontinye nan yon sèk visye".

Manm Asanble a Bill Magnarelli te deklare, "Kominote nou yo nan Eta New York bò rivaj Lak Ontario a te devaste poutèt nivo dlo wo yo. Bagay sa yo donmaje kay ak biznis. Li lè pou IJC ranje sitiyasyon sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè a dèske li pran mezi sou kesyon sa a".

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Mwen kontan anpil n ap kontinye mete presyon sou IJC. Rankont mwen yo pandan plizyè jou ki sot pase yo avèk pwopriyete yo ankò sou rivaj lak ranfòse pou mwen jan sa enpòtan pou n fè tout sa nou kapab. Mwen kanpe ak Gouvènè a sou sa. Sitwayen nou yo pa merite anyen anmwens".

Manm Asanble a Angelo J. Morinello te deklare, "Mèsi, Gouvènè Cuomo, dèske w pa janm sispann bay atansyon a devastasyon rivaj Rivyè Niagara ak Lak Ontario yo sibi

yo kòm konsekans dirèk politik IJC a ki pa mache a. Yo te sipoze gen lajan pou ede nan reyabilitasyon ak pwoteksyon rivaj nou an. Mezi Gouvènè a pran yo pral fè IJC sibi konsekans li merite yo".

Manm Asanble Michael Norris te deklare, "Kontribyab yo ak biznis yo sou rivaj sid Lak Ontario sibi gwo dega epi rekou jidisyè sa a nesesè pou jwenn jistis pou yo pou pi devan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo dèske li entante pwochè sa a".

Manm Asanble Mark Walczyk, "Gouvènè a montre lidèchip konstan nan zafè vital sa a epi mwen bat bravo pou li dèske li entante pwochè sa a. IJC dwe twouse manch li epi ede peye bòdwo a pou dega plan mal estriktire yo a koze yo".

Sipèvizè Minisipalite Greece la Bill Reilich te deklare, "Lak Ontario twò vital nan pwendvi ekonomik ak anviwònmanal pou kominote nou yo pou n inyore inondasyon devastatè sa a ak mank responsabilite a. Gras a soutyen Gouvènè Cuomo, nou pral lite chak jou pou defann chanjman epi garanti nou jwenn pwoteksyon kont nivo dlo k ap monte an 2020 epi nan plizyè dizèn lane k ap vini yo".

Ane sa a, epi pou pare pou nivo dlo wo yo prevwa pou pi devan sou lak la, Gouvènè Cuomo te tabli Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a (Lake Ontario Resiliency and Economic Development Initiative), oswa Komisyon REDI an epi li te rezève jiska 300 milyon dola pou soutni efò li yo. Komisyon milti-ajans REDI a gen misyon pou l elabore yon plan pou ogmante rezistans enfrastrikti an bò dlo Lak Ontario a pandan l ap ranfòse ekonomi lokal rejyon an, ki depann anpil de aktivite touris pandan ete a. Kounye a komisyon an ap egzamine zòn ki riske sibi dega poutèt dlo k ap monte yo, pami yo sa ki te pran kou di yo an 2017, pou elabore yon dosye nouvo aksyon eta a soti depi nan chanjman lejislatif rive nan aksyon egzekitif ki pral non sèlman rebati rivaj la, men amelyore rezistans la tou kont kondisyon meteyo enprevi. Eta a prevwa l ap depanse 45 milyon dola an kou entèvansyon ak dega pou 2019, epi nan kad egzamen pwochè konplè REDI ap fè yo pou favorize rezistans ak devlopman ekonomik nan rejyon ki touche yo.

Anplis pote plizyè milyon an finansman pou ede restore rezidan yo ak biznis yo ki viktim nivo dlo k ap monte yo nan Lak Ontario, Eta New York deplwaye pliz pase 1.5 milyon sak sab, plizyè santèn ponp, ak onz mil pye baraj pwovizwa nan uit konte sou Lak Ontario pou pare pou dega ki gen pou kòz nivo dlo wo. Eta New York pral kontinye pran mezi enèjik pou garanti rezidan yo ak biznis yo jwenn pwoteksyon kont nivo dlo wo sa yo, men eta a pa ta dwe gen pou peye san IJC pa aji.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)